दिन–गुरूवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–12.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

बिहार विधानमंडलक दुनू सदन विधानसभा आ विधान परिषदक कार्यवाही आइ सुचारू ढंग सँ चलल। बरौली विधायक मंजीत सिंहक एकटा प्रश्नक उत्तर मे उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे सरकार राज्यक असर्वेक्षित भूमिक सर्वेक्षण कराओत। ओ कहलनि जे राज्य मे जमीन कँ विवाद सभ सँ मुक्त कराओल जायत। सर्वे के दू बरख मे पूरा करबाक लक्ष्य अछि। उपमुख्यमंत्री कहलनि कि जे अधिकारी गड़बड़ी करताह हुनका खिलाफ विधि सम्मत कार्रवाई कयल जायत। ओतहि, जे अधिकारी नीक काज करताह हुनका पुरस्कृत कयल जायत। एक ध्यानाकर्षणक उत्तर मे ऊर्जा मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव कहलनि जे बिजली बिल बकाया पर ब्याजक माफी पर विचार कयल जायत।

———————————————————————

एकटा सवालक जवाब मे कृषि मंत्री रामकृपाल यादव जनौलनि जे चारिम कृषि रोड़ मैप केर तहत प्रदेशक ग्रामीण हाट–बजार सभ कँ विकसित कयल जायत। ओ कहलनि जे पहिल चरण मे नओ सय चौंतीस ग्रामीण हाट विकसित कयल जायत। एकर कार्यान्वयन विकसित भारत जी राम जी योजनाक तहत होयत। एकटा प्रश्नक उत्तर मे खाद्य आ उपभोक्ता मामिला सभक मंत्री लेसी सिंह जनौलनि जे बिहार सरकार केन्द्र सँ धान अधिप्राप्तिक सीमा बढ़यबाक मांग कयलक अछि। राजदक सौरभ कुमारक एकटा प्रश्नक उत्तर मे परिवहन मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे सरकारी अधिकारी लोकनि द्वारा अपन निजी वाहन सभ पर सरकारी बोर्ड लगयबाक सख्त मनाही अछि।

———————————————————————

एम्हर, विधान परिषद मे आजुक कार्यवाही सुचारू ढंग सँ चलल। राजदक अब्दुल बारी सिद्दकी केर एकटा प्रश्नक उत्तर मे उपमुख्यमंत्री सह गृहमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे वर्ष दू हजार चारिक तुलना मे वर्ष दू हजार चौबीस मे संज्ञेय अपराधक मामिला सभ मे वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। विधान परिषद मे एकटा प्रश्नक उत्तर मे ओ जनौलनि जे वर्ष दू हजार चारि मे एक लाख पंद्रह हजार दू सय सोलह मामिला दर्ज भेल छल जे दू हजार चौबीस मे बढ़ि कऽ तीन लाख बावन हजार भऽ गेल। निर्दलीय महेश्वर सिंहक एकटा प्रश्नक उत्तर मे जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी जनौलनि जे राज्यक तीन प्रमुख बराजक उमेर साठि बरख सँ बेसी भऽ गेल अछि। एकर जांच कराओल जा रहल अछि। ओतहि, राजदक डॉक्टर अजय कुमार सिंहक एकटा सवालक जवाब मे मंत्री कहलनि जे सुपौलक वीरपुर अनुमंडल स्थित कोसी पूर्वी कैनाल केर उड़ाही आ मरम्मत केर काज विकसित भारत जी राम जी योजनाक तहत करबाओल जायत। भोजनावकाशक बाद द्वितीय पाली मे वित्त मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव परिषद मे बिहार विनियोग विधेयक दू हजार छब्बीस पेश कयलनि, जकरा सदन पारित कऽ देलक।

---

लोकसभा आइ औद्योगिक संबंध संहिता संशोधन विधेयक दू हजार छब्बीस पारित कऽ देलक। विधेयक कँ चर्चाक उत्तर दैत श्रम आ रोजगार मंत्री मनसुख मांडविया कहलनि जे सत्रह राष्ट्रीय श्रम संगठन सभ कहलनि अछि जे श्रम संहिता श्रमिक लोकनिक हित मे लागू कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे श्रम संहिता वैधानिक सर्मथनक संग न्यूनतम मजदूरी लागू करैत अछि आ कोनहुं राज्य कँ निर्धारित न्यूनतम मजदूरी सँ कम मजदूरी तय करबाक अनुमति नहि होयत।

---

सीबीआई पटना मे नीट छात्राक संदिग्ध परिस्थिति मे मृत्युक मामिलाक जांच शुरू कऽ देलक अछि। राज्य सरकारक अनुरोध कँ केन्द्रक मंजूरीक बाद सीबीआई एहि मामिला कँ टेकओवर कयलक अछि। जांच एजेंसी एकरा स्पेशल केस केर रूप मे दर्ज कयलक अछि। ध्यातव्य अछि जे मृतक छात्राक परिजन लोकनि सीबीआई जांचक मांग कयने छल। एकरा बाद मुख्यमंत्री नीतीश कुमार केन्द्र सरकार सँ सीबीआई सँ जांच करयबाक आग्रह कयने छलाह।

---

बेगूसरायक एकटा अदालत तिहरा हत्याकांडक एकटा मामिलाक दोषी विकास कुमार कैँ फांसीक सजा सुनौलक अछि। न्यायाधीश ब्रजेश कुमार सिंह हत्याकांड कैँ जघन्य मानैत दोषी कैँ फांसीक सजा सुनौलनि। ई मामिला छओ बरख पूरान अछि। दोषी विकास कुमार जिलाक मचहा गाम मे भूमि विवाद मे अपन भाइ, भाउज आ भतीजीक गोली मारि कऽ हत्या कऽ देने छल।

———————————————————————————

पूर्णियां सांसद पप्पू यादव कैँ आइ सेहो जमानत नहि भेटल। सांसदक अधिवक्ता जनौलनि जे पुलिस हुनका दू नव मामिला मे रिमांड पर लेबाक लेल तैयारी कऽ रहल अछि, जाहि कारण ओ अखन न्यायिक हिरासत मे रहताह। एहि मे सँ एकटा मामिला दू हजार सत्रह आ दोसर दू हजार उनैसक अछि।

———————————————————————————

पटना व्यवहार न्यायालय कैँ आइ एकबेर फेर बम सँ उड़यबाक धमकी भेटल अछि। धमकी ई–मेल केर माध्यम सँ देल गेल अछि। काल्हि सेहो एहि प्रकारक धमकी भेटल छल। एम्हर, एहतियातक तौर पर व्यवहार न्यायालय मे सर्च अभियान चलाओल गेल। संगहि, दूपहरक बाद कोर्ट केर कार्यवाही शुरू भेल।

———————————————————————————

समाप्त